



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 26 jen 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO METE AKSAN SOU PRESKE KAT DOUZÈN FWA KONTE KI PRAL FÈT NAN ETA NEW YORK**

*Detay dat ak lè disponib kounye a nan [www.data.ny.gov](http://www.data.ny.gov)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse enfòmasyon sou preske kat douzèn fwa konte ansanm ak yon kantite fwa pou jèn ki kounye a disponib sou sitwèb done lib, ki lokalize nan [www.data.ny.gov](http://www.data.ny.gov). Fwa konte yo fonksyone nan kòmansman jiyè jiska nan kòmansman septanm nan eta New York e li prezante vizitè yo avèk yon opòtinite pou aprann sou agrikilti lokal. Yo bay tou opòtinite inonbrab ak benefis ekonomik a rejyon lokal yo, soti nan pakou park amizman a jwèt a konpetisyon agrikòl ki gen ladan fèmme lokal yo ak pwopriyete ti biznis yo.

“Fwa konte yo se yon tradisyon valab pou kominote yo nan Eta New York, sa ki ofri vizitè yon chans pou eksperimente agrikilti lokal ak amizman pandan lap egalman bay yon ranfòsman a ekonomi rejyonal la,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Sitwèb done lib eta se yon gwo resous pou Nouyòkè yo aprann plis sou fwa kap vini nan zòn yo, e nan mete aksan sou evènman sa yo nap ede ogamnte pwofil vandè lokal yo. Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou vizite youn nan fwa ki toupre pandan ete sa a, epi gade plis nan sa fèmme ak pwodikte agrikòl yo gen pou ofri.”

“Sitwèb done lib New York se yon gwo resous pou Nouyòkè yo chèche konnen kilè fwa lokal yo ap pwograme ak kilè lap fèt. Fwa konte yo se yon pati enpòtan nan touris New York e mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou vizite yon fwa agrikòl lokal pandan ete sa a.”

Fwa yo ap fèt nan tout dis rejyon devlopman ekonomik New York, bay eksperyans edikasyon inik pou moun ki ale nan fwa nan kominote yo nan eta. Fwa konte yo egalman gen enpak ekonomik enpòtan, kreye travay ak jenere plizyè milyon dola nan revni ekonomik.

Ou ka jwenn yon lis tout fwa konte yo nan eta New York [la](#).

Ou ka jwenn yon kat lokasyon fwa yo nan eta New York [la](#).

Haitian Creole

Ou ka jwenn yon kalandriye fwa yo nan Eta new York [la](#).

“Mwen se yon gwo fanatik fwa nan konte yo epi tankou plizyè milyon Nouyòkè, mwen te mennen fanmi mwen nan fwa lokal nou an pandan anpil ane,” te deklare Komisyonè Agrikilti Eta Richard A. Bell. “Fwa konte yo se yon tradisyon agrikòl ak familyal enpòtan, e avèk èd sitwèb done lib eta e li pi fasil kounye a pase anvan pou Nouyòkè yo jwi agro-touris pandan ete sa a.”

Bidjè aktyèl eta bay \$500,000 dola nan ranbousman pou konpetisyon agrikòl nan fwa konte yo nan eta atravè Depatman Agrikilti ak Mache yo. Depatman opere tou Gwo Fwa Eta New York, ki lokalize nan Syracuse. Fwa ane sa pral fèt nan dat 21 Out jiska 1<sup>ve</sup> Septanm. Premye vandredi fwa a, anliy avèk tradisyon, pral deziyen “Law Enforcement Day.” Toutfwa, ane sa a, vandredi 22 out pral egalman deziyen tankou “Jou Fwa Konte” “ County Fair Day.” Manadjè ak manm konsèy Fwa Konte nan tout fwa agrikòl yo nan eta pral envite pou vin pwofite yon jou nan fwa eta, pran yon tour prive nan fwa ak Midway, epi pwofite de yon prezantasyon kout nan agrikilti nan fwa eta.

Depatman Agrikilti Eta ak anplwaye mache veterinè yo ak teknisyen veterinè yo ki gen lisans kap travay nan chak fwa konte a ak fwa eta pou egzamine bèt yo pou egzibisyon, sa ki gen ladan bèf, kochon, mouton, kabrit, alpaka, ak lama. Sa a ede pou asire ke bèt kay yo retounen osi an bòn sante tankou jan yo te kite a. Anplwaye depatman te tcheke tou dokiman sou tout bèt yo pou asire ke yo chak te genyen yon egzamen veterinè anvan e yo te genyen tès ak vaksinasyon pou kalifye pou egzibisyon an te fin fèt. Si pa gen asirans ke yo te mete pwoteksyon anplas, pwopriyete betay yo pa ta pote pi bon bèt yo nan egzibisyon an, prive kominote agrikòl la ak piblik la nan konpetisyon anime sa a pou pri Gran Chanpyon an.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

\*\*\*\*\*  
**WE WORK FOR THE PEOPLE**  
PERFORMANCE \* INTEGRITY \* PRIDE